



## Estrikti Tanporè

Itilizasyon estrikti tanporè pou vant machandiz, pou rezon rasanbleman oswa lòt aktivite, oblige gen yon Pèmi pou Evènman Espesyal ki emèt pa Rejyon an oswa Minisipalite a. Nan pifò ka, pèmi sa yo bay pa Sèvis Zòn ak Planifikasyon kote estrikti a anplase. Li rekòmande pou kontakte Sèvis Zòn ak Planifikasyon ki apwopriye a pou plis detay sou pwosedi nan jiridikson ou.

Depatman Ponpye Rejyon Palm Beach egzije yon enspeksyon kont ensandi ak pwoteksyon lavi avan estrikti a okipe. Jirisdikson lokal ka mande apwobasyon adisyonèl lòt ajans tankou Ranfòsman Kòd ak Billing. Egzijans yo ka diferan depandaman de itilizasyon an.

Kèk egzijans kòd kont ensandi pou tant ak estrikti tanporè gen ladan men pa limite a:

- Bon dimansyon ak anplasman pou aparèy pou etenn dife
- Materyèl pout tant dwe gen sètifikasiyon aktyèl pou ralantisman flanm dife
- Siy pou sòti ak limyè ijans dwe byen anplase e fonksyone
- Pwa maksimòm pou okipan afiche, si li aplikab
- Dèlko pou enèji elektrik dwe byen anplase e ravitayman gaz dwe fèt nan fason ki apwopriye

**Pou plis enfòmasyon sou Sekirite kont Ensandi peze la a**

**EXCELLENCE TODAY**



**IMPROVING TOMORROW**